

ASESMEN TENGAH SEMESTER (ATS)

UPT SD NEGERI POPOH 03
KECAMATAN SELOPURO
TAHUN PELAJARAN 2023/2024

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas/Semester : 5/1
Hari/Tanggal : Selasa, 17 Oktober 2023
W a k t u : 09.30-11.00

Nama :
Nomor :
Paraf :
Nilai :

I. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d tumrap wangsulan kang bener!

KERJA BAKTI

Karang taruna desa Mergudadi angger sesasi pisan ngadakake sambatan ngeresiki desa utawa kerja bakti. Tujuan Kerja bakti iki di adakake yaiku kanggo ngeresiki kalen kang rusoh lan dalan sing akeh suket. Sadurunge kerja bakti para anggota karang taruna padha kumpul ing Lapangan Bulutangkis Mergodadi. Kegiatan iki dipelori Ketua Karang Taruna Doni Arya, deweke duwe pendapat yen kerja bakti iki bisa ngakrabno para anggota karamng taruna lan kegiatan iki bisa kanggo refreshing.

1. Cerito ing duwur kuwi kalebu jenise teks.....

A. Narasi B. Deskripsi C. Orientasi D. Resolusi

2. Kegiatan ing cerita duwur iku aduwe manfaat kangge apa wae....(Jawaban luwih soko siji)

A	Ngakrabno para anggota karamng taruna
B	Nambahi pengalaman sekabehane pemuda
C	Kegiatan iki bisa kanggo refreshing
D	Dadeake lingkungan kang resik lan enak disawang

3. Ing ngisor iki endi wai sing kalebu ciri-cirine teks narasi kang bener lan kliru!

Keterangan	Bener	Kliru
Isine ngenani kedadean utowo peristiwa		
Ora ana paragane ing jerone cerito mengkono		
Nyeritaake toto corone gawe barang kang manfangati		
Isine nyritakake wujud barang kanti jelas		

RARA JONGGRANG

Ing jaman biyen ana kerajaan gedhe sing jenenge Prambanan. Rakyat Prambanan iku ayem lan tentrem sing dipimpin karo Prabu Baka. Nanging kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan Pengging. Prabu Baka lan pasukan kalah, Prabu Baka lan pasukan mati amarga kena karo senjatane Bandung Bandowoso. Kerajaan Pengging lan pasukan seneng amarga isok naklukno kerajaan Prambanan.

Pada wektu Bandung Bandowoso ing kerajaan Prambanan, deweke ndelok putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang, putri Prabu Baka. Langsung Bandung Bandowoso nglamar Roro Jonggrang.



"Roro Jonggrang, apa awakmu gelem dadi permaisuriku?" Jare Bandung Bandowoso.ang persiapane.

Roro Jonggrang nanggepi pertanyaane Bandung Bandowoso "Aku gelem dadi permaisurimu, tapi ana syarate."

"Apa iku syarate?" Jare Bandung Bandowoso.

"Gawekno aku 1000 candi tapi wektune sakwengi!" Jare Roro Jonggrang.

Ing bengi, Bandung Bandowoso ngumpulno anak buahe yaiku jin lan setan. Sawise ngerungokno perintah Bandung Bandowoso, jin lan setan langsung nggarap sing diperintaake karo Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang ndelengi pekerjaane Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang wedi kalo Bandung Bandowoso iso nggarap permintaake dewe. Roro Jonggrang langsung ngumpulno dayang-dayange. Roro Jonggrang mau ngongkon dayange mbakar jerami, munikno lesung lan naburno bunga sing wangi. Jin lan setan mau wedi lan disangkakno wis esok. Jin lan setan langsung mbalek. Asline candine iku wis ana 999, tapi kurang 1. Bandung Bandowoso mangkel nang Roro Jonggrang amarga

wis mbujuk deweke. Langsung bandung Bandowoso ngesabda Roro Jonggrang dadi patung lan ngganepi 1000 candi.

4. Ana ing cerita iku, menyangopo Rara Jograng gelem nerimo Bandung Bandawasa?

- A. Bandung Bondowoso sakti mandraguna
- B. Kekuasaane Bandung Bondowoso ombo banget
- C. Kanggo cara gawe balas dendam amargo bapak e dipateni
- D. Amargo saking demene karo Bandung Bondowoso
- 5. Endi katerangan ing ngisor iki kang sesuai karo cerito Rara Jonggrang

Keterangan	Bener	Kliru
Raja Boko iku bapak e Roro Jonggarang		
Bandung Bondowoso bangun canti kanti mrintah poro jin ugo lelembut		
Bangun candi lan patung mari sak durunge isuk		
Asline candine iku wis ana 999, tapi kurang 1 diganti Rara Jongrang dewe		

II. Salinen teks ing ngisor iki ana ing buku halus kanti tulisan latin!

Blitar, 20 November 2023

Kangge Bapak lan Ibu Wonten ing ndalem Karangasem

Assalamu'alaikum Wr. Wb

Pripun kahananipun Bapak lan Ibu?

Mugi – mugi Gusti Allah tansah maringi kanugrahan lan kesehatan dhumateng Bapak lan Ibu.

Alhamdulillah teng mriki kula sehat.

Bapak lan Ibu ingkang kula bekteni, wontene serat menika, kula badhe matur Insya Allah badhe wangsul dateng Karangasem benjang sasi Desember. Nyuwun pangestunipun mugi – mugi sedoyo diparingi lancar sahinggo mboten wonten hambatan.

Cekap semanten rumiyin serat saking ingkang kula.

Wassalamu'alaikum wr. wb.

Anakmu

ttd

(.....)

III. Gaweho balesan surat balesan ing ngisor iki!

Surabaya, 26 Oktober 2022

Salam Kanggo Adikku

Kelas 5 UPT SDN POPOH 03

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

Kanthi lumantaran layang iki, aku awèh kabar kanggo awakmu yen kahananku alhamdulillah apik lan sehat, semono ugo mugo-mugo kahananku tansah sehat lan rahayu wilujeng.

Oh iyo, apa dik acaramu pas dino libur 1 Muharom wingi ? Acaraku wingi mlaku-mlaku menyang alun-alun karo ayah lan ibu. Neng kono akeh papan mainan anak-anak sing iso atiku seneng. Enek

bandulan, enek jungkitan, enek air mancur, enek dolanan pasir puteh lan sak panunggalane. Kabeh iku biso mau gratis lho dik.

Lek biso besok pas liburan iso dolan menyang kne yo dik. Awak dewe biso dolanan bareng ing kota-kota lan akeh jajanan tradisonal. Dak kiro cukup semono wae surat soko aku, liyo wektu disambung maneh. Tak enteni balesan suratmu yo dik !!!!

وَعَلَيْكُمْ السَّلَامُ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ

Mas kang bagus dwe



Agus Pusoko

IV. Gaweho teks deskripsi manot gambar ing ngisor iki kanggo tulisan latin!



V. Gantinenen kanggo basa jawa lan tulis kanggo tulisan latin gambar ing ngisor iki!



Nugget Ikan Lele

Nugget ikan lele merupakan produk olahan ikan yang berasal dari daging lele. Nugget ikan lele memiliki kandungan gizi yang cukup tinggi seperti protein, kalsium, fosfor, natrium, kalium, vitamin B12, vitamin D, dan lemak omega 3, sehingga dapat digunakan untuk mencukupi kebutuhan akan gizi bagi masyarakat.

KEN UNZIP 2022





Cara Memasak

1. Cuci ikan lele kemudian di fillet
2. Haluskan daging yang sudah di fillet
3. Campurkan daging yg sudah halus dengan lada, garam, kaldu bubuk, gula pasir, bawang putih, telur, dan air.
4. Masukkan adonan ke dalam wadah, kemudian tambahkan tepung tapioka dan tepung terigu, aduk hingga merata.
5. Tuangkan adonan kedalam cetakan yang telah diolesi minyak.
6. Kukus adonan selama 30 menit dan dipotong sesuai selera.
7. Baluri nugget dengan tepung terigu, telur, dan tepung panir, kemudian digoreng dengan api sedang dan tiriskan
8. Nugget lele siap disajikan



Bahan Nugget Ikan Lele

1. Daging ikan lele
2. Tepung tapioka
3. Tepung terigu
4. Tepung panir
5. Bawang putih
6. Telur
7. Garam
8. Kaldu bubuk
9. Gula
10. Lada
11. Air

VI. Tulisen kanggo aksara jawa ing ngisor iki!

1. Mangan roti
2. Tuku gulo legi
3. Kucing lemu
4. Sate gule